

Chè Patisipan,

Nou kontan akeyi w nan fanmi Rxbenefits la. Kòm yon rapèl amikal, nou te fè patenarya avèk Springpoint ak Express Scripts pou pote pou ou pi bon avantaj famasetik nan kategori a. Objektif nou se kenbe w an sekirite, fè tout efò posib pou redwi depans ou yo, epi reponn rapidman a nenpòt kesyon oswa pwoblèm ki ka parèt pou asire ou jwenn valè maksimòm nan nouvo plan avantaj sosyal ou a.

Pake sa fèt pou ou sèlman, epi li gen ladann resous itil sa yo ki bay enfòmasyon enpòtan sou plan famasi ou a:

- **Kouvèti Medikaman Preskripsyon pou Springpoint yo**
Dokiman sa ba ou yon dekonplè fasil pou w konprann tout detay enpòtan sou kouvèti ak nouvo plan famasi w la.
- **Detay kontak pou manm sèvis sipò yo**
Reprezantan pwofesyonèl sèvis manm nou yo disponib pou ede w ak nenpòt kesyon oswa pwoblèm ki ta parèt.
- **Enfòmasyon sou Aksè nan Sitwèb ak Aplikasyon Mobil Express Scripts**
Springpoint te chwazi Express Scripts kòm manadjè reklamasyon li yo, ki ba w aksè ak youn nan pi gwo rezo famasi nasyonal yo. Pòtal entènèt ak aplikasyon Express Scripts la pral ede w jere medikaman w yo nenpòt kote, nenpòt kilè, jwenn famasi ki vann an detay ki pi pre a, epi tcheke pou enteraksyon medikaman yo.
- **Enfòmasyon sou Enskripsyon pou Kòmann pa Lapòs**
Jwenn jiska yon rezèv pou twa mwa nan medikaman antretyen ou yo, delivre san danje epi serye dirèkteman nan papòt kay ou. Ekonomize tan ak lajan!

Express Scripts pral distribiye kat idantite pèmanan ou (yo) ba ou nan yon ti tan. Si w bezwen ranpli yon preskripsyon anvan ou resevwa kat ou a (yo), tou senpleman bay famasi an tout enfòmasyon ki sou kat anba a pou trete demann ou an.



RxBIN: 610014

RxGRP: RXBSRP

Si w gen nenpòt kesyon konsènan kouvèti preskipsyon, tanpri kontakte RxBenefits.

Patisipan yo ka rele sipò pou patisipan: 800.334.8134

Famasyen yo rele liy asistans famasi a: 800.922.1557

Kòm dabidid, Manm ekip Sèvis RxBenefits la disponib pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen. Ou ka kontakte yo lendi rive vandredi sòti 7 è nan maten pou rive 8 è nan aswè, lè santral. Lè w rele 800.334.8134 oswa voye yon imèl bay CustomerCare@rxbenefits.com.

Tanpri kontakte nou nenpòt kilè si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Nou kontan asosye avèk ou pou mete kouvèti medikal ou a nan yon lòt nivo.

Sensèman,
Ekip RxBenefits ou a



Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon

Springpoint | Jere pa RxBenefits, Inc. ak Express Scripts, Efektif a pati 1 ye Janvyè, 2024

Nòt: Manm yo ka kontakte Sèvis Manm RxBenefits la nan 1.800.334.8134 oswa vizite [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com). Si w gen plis kesyon, tanpri kontakte Depatman Resous Imèn ou a. Tanpri sonje dat efektif dokiman sa a koresponn ak dènye aktyalizasyon plan sa. Dokiman sa se yon reprezantasyon ajou nan sèvis la nan moman an.

Plan debaz

Kouvèti yo vann an Detay (Pwovizyon pou 01-30 Jou)		Rezo famasi
Jenerik		\$ 10.00
Mak Prefere		30% Ko-asirans (\$40.00 Minimòm, \$110.00 Maksimòm)
Mak ki pa Prefere		50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)

Pwovizyon pwolonje (Pwovizyon pou yon peryòd de 1 a 90 Jou)		Rezo famasi
Jenerik		\$ 20.00
Mak Prefere		30% Ko-asirans (\$95.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)
Mak ki pa Prefere		50% Ko-asirans (\$160.00 Minimòm, \$310.00 Maksimòm)

Akimilasyon

Maksimòm Sipò Entegre	\$6,000.00 pa pèsòn / \$12,000.00 pa Fanmi
-----------------------	--

Maksimòm ki Sòti nan Pòch ou pou ane sivil la aplike pou reklamasyon ranbousman depans famasi ak medikal yo. Chak manm fanmi an dwe ranpli MOOP individyèl la, sof si MOOP fanmi an te ranpli pa omwen de oswa plis manm fanmi an ki gen kouvèti. Yon fwa ke yo ranpli, preskripsyon ou kouvri yo peye a 100% Règleman dispans Jenerik ekri a pa aplike pou MOOP.

Medikaman Espesyalite

Medikaman Espesyalite yo se medikaman chè ki souvan enjekte oswa enfize epi ki mande yon estokaj espesyal ak siveyans. Ou ta dwe jwen Medikaman sa yo nan Accreddo specialty pharmacy lè w rele Accreddo nan 1.800.803.2523. Yo aplike kèk eksepsyon. Yo limite medikaman sa a yon rezèv pou 30 jou. Medikaman Espesyalite yo tonbe lajman nan kategori medikaman Fòmil de mak yo, men yo ka tonbe tou nan kategori medikaman espesyalite Biyosimilè oswa Jenerik. Medikaman sa yo sijè a ko-pèman ak ko-asirans ki nan lis anba a. Accreddo Specialty Pharmacy ofri tou sèvis jesyon swen famasi ki fèt pou sipòte w pandan tout tretman w lan.

Medikaman espesyalite	Accredo
Espesyalite Jenerik	\$ 10.00
Espesyalite Mak Prefere	30% Ko-asirans (\$40.00 Minimòm, \$110.00 Maksimòm)
Espesyalite Mak ki pa preferansyèl	50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)

Plan de Baz

Kouvèti Famasi yo vann an Detay (Apwovizyonman pou 01-30 Jou)	Rezo famasi
Jenerik	\$10.00
Mak Prefere	30% Ko-asirans (\$40.00 Minimòm, \$110.00 Maksimòm)
Mak ki pa Prefere	50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)

Pwovizyon pwolonje (Pwovizyon pou yon peryòd de 1 a 90 Jou)	Rezo famasi
Jenerik	\$20.00
Mak Prefere	50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)
Mak ki pa Prefere	50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)

Akimilasyon	
Maksimòm Sipò Entegre	\$7,000.00 pa pèsòn / \$14,000.00 pa Fanmi

Maksimòm ki Sòti nan Pòch ou pou ane sivil la aplike pou reklamasyon ranbousman depans famasi ak medikal yo Chak grenn fanmi dwe peye maksimòm ki soti nan pòch (MOOP) la sof si de (2) oswa plis manm fanmi an ki gen pwoteksyon asirans peye maksimòm ki soti nan pòch (MOOP) fanmi an. Depi yo egzekite yo, yo ap peye preskripsyon w yo a 100% Distribisyon medikaman jenerik piske penalite alekri yo pa aplikab pou maksimòm ki soti nan pòch la (MOOP).

Medikaman Espesyalite

Medikaman Espesyalite yo se medikaman chè ki souvan enjekte oswa enfize epi ki mande yon estokaj espesyal ak siveyans. Ou ta dwe jwen Medikaman sa yo nan Accredo specialty pharmacy lè w rele Accredo nan 1.800.803.2523. Yo aplike kèk eksepsyon. Yo limite medikaman sa a yon rezèv pou 30 jou. Medikaman Espesyalite yo tonbe lajman nan kategori medikaman Fòmil de mak yo, men yo ka tonbe tou nan kategori medikaman espesyalize Biyosimilè oswa Jenerik. Medikaman sa yo sijè a ko-pèman ak ko-asirans ki nan lis anba a. Accredo Specialty Pharmacy ofri tou sèvis jesyon swen famasi ki fèt pou sipòte w pandan tout tretman w lan.

Medikaman Espesyalite	Accredo
Jenerik Espesyalite	\$ 10.00
Espesyalite Mak Prefere	30% ko-asirans(\$40.00 Minimòm, \$110.00 Maksimòm)
Espesyalite Mak ki pa preferansyèl	50% Ko-asirans (\$70.00 Minimòm, \$160.00 Maksimòm)

Famasi ki vann an detay ak pa korespondans

Springpoint patisipe nan rezo famasi Express Scripts. Kontakte Sèvis Manm RxBenefits nan 1.800.334.8134 pou jwenn enfòmasyon sou yon famasi espesifik.

Pwogram Asistans Konpansasyon Manifakti (MCAP)

Gen kèk medikaman espesyalize ki ka elijib pou yon pwogram asistans kopèman yon twazyèm pati, sa ki ka diminye depans ou pou peye pwodwi sa yo. Pou nenpòt Medikaman espesyalite sa yo kote yo itilize asistans kopèman yon twazyèm pati, ou pap resevwa kredi pou maksimòm ou oswa franchiz pou nenpòt kopèman oswa ko-asirans ki aplike nan yon koupon oswa ranbousman manifakti. Anplwayè wla te chwazi pou l enskri nan pwogram Express Scripts SaveonSP a(yo).

SaveOnSP-Sipò pou pèman:

Gen kèk medikaman espesyalite ki ka elijib pou yon pwogram asistans kopèman yon twazyèm pati, sa ki ka diminye depans ou pou peye pwodwi sa yo. Nan ka yon Medikaman espesyalite kote yo itilize asistans pèman yon twazyèm pati, manm lan pap resevwa yon kredi pou kantite maksimòm kopèman li oswa franchiz li pou okenn kopèman oswa kantite lajan ki sòti nan pòch li. Ko-Asirans aplike nan koupon oswa rabè yon manifakti.

Politik Jeneral-Dipanse jan sa ekri a (DAW)

Si yo itilize yon medikaman ki gen non(mak) lè gen yon ekivalan jenerik ki disponib, wap peye pati pri medikaman ki gen non an plis diferans pri ant medikaman jenerik la ak medikaman ki gen non an.

Medikaman Antretyen

Yon medikaman yo itilize kontinyèlman oswa alontèm pou trete maladi kwonik(pa egzanp yon medikaman kont tansyon wo yo pran chak jou pou kontwole tansyon wo). Apre de pwovizyon pou 30 jou nan yon famasi an ki vann an detay, plan w lan mande pou medikaman pou antretyen yo dwe bay Famasi Express Script's lapòs pou founiti pou 90 jou.

Medikaman Prevansyon

Plan Anplwayè w la sijè a Affordable Care Act (ACA) ki egzije pwoteksyon yon kantite atik ak sèvis prevantif a 100% epi asire ke atik ak sèvis sa yo pa sijè ak franchiz, jiska maksimòm pòch yo oswa lòt limit, tankou plafon oswa limit anyèl. Ou ka kontakte Sèvis Manm RxBenefits nan 1.800.334.8134 siw gen kesyon espesifik sou medikaman oswa pou enskri nan [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com) pou tcheke pri medikaman ak kouvèti asirans.

Medikaman konpoze

Pou medikaman konpoze yo jwenn kouvèti, yo dwe ranpli sèten kondisyon. an plis de sa yo ki nesèsè sou plan medikal epi yo pa nan faz eksperimantal oswa ankèt, medikaman konpoze pa dwe gen engredyan ki sou lis engredyan eskli. Nenpòt refi pou kouvri yon medikaman konpoze ka fè apèl nan menm fason ak nenpòt lòt refi reklamasyon medikaman konpoze anba kouvèti sa a. Medikaman konpoze ki vo \$300 oswa plis pou chak senaryo pral bezwen otorizasyon alavans.

Pwogram Revizyon, Otorizasyon Alavans ak Apèl pou reklamsyon yon montan ki wo (HDCR)

Pri medikaman ki depase \$1,000 pou chak apwovizyonman 30 jou epi \$3,000 pou chak apwovizyonman pou 90 jou egziye yon otorizasyon alavans.

Lis Medikaman Ki gen Valè klinik ki bay (LCV)

Lis eskizyon fòmil separe ki gen ladan medikaman ki gen yon valè klinik ki ba, mwen tou/oswa medikaman ki sanble chimikman, medikaman ki nou sou mache a ak medikaman ki pa esansyèl.

Fòm

Lis medikaman sou preskripsyon ak founiti Administrasyon federal medikaman(FDA), ki te etabli pa yon komite famasetik ak terapetik ak/oswa pèsonalize pa Express Scripts oswa RxBenefits. Lis sa refile Jijman klinik aktyèl pratikan swen sante yo ki baze sou yon revizyon done aktyèl, jounal medikal, ak enfòmasyon rechèch. Kòm yon pati nan asirans medikaman sou preskripsyon w, lis medikaman ki ranbousab yo sèvi yon gid pou detèmine pri a nan chak preskripsyon. Medikaman ki pa sou lis Nasyonal medikaman prefere yo pa ka kouvri. Fòm ou an se Prefere Nasyonal.

Lis sa yo pa konplè, men pito yo se lis medikaman sou preskripsyon ki plis itilize yo. Lis sa yo kapab chanje. Fòmilè Express Scripts la bay lis dènye medikaman pwogram nan ka kouvri.

Ou ka wè fòm Express Scripts la sou entènèt nan adrès sa [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com). Ou ka kontakte Sèvis Manm RxBenefits la tou nan 1.800.334.8134 pou konnen si gen yon medikaman espesifik ki garanti.

Medikaman ak Founiti ki kouvri yo

Egzanp sa yo sou medikaman ak founiti ki kouvri yo ka kouvri anba plan medikaman ou an. Pwodwi Famasetik FDA apwouve ki mande yon preskripsyon alekri, yon doktè, dantis, osteopat, podyat, yon optometris(Pwofesyonèl ki gen lisans) oswa yon enfimyè ki sètifye nan pratik avanse, distribiye pa yon famasyen ki gen lisans. Tanpri kontakte Sèvis Manm RxBenefits nan 1.800.334.8134 siw gen kesyon espesifik sou medikaman oswa pou enskri nan [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com) pou tcheke kouvèti asirans.

- Ajan Addyi-HSDD
- Dyafragm ak bouchon nan kòl matris
- ijans kontrasepsyon
- Medikaman legal federal yo
- Vaksen HCR/ACA
- Faktè emofili
- Kontraseptif enplantab
- Medikaman enpotans
- Aparèy pou ede respire
- Kontrasepsyon enjektab
- Ensilin
- Esterilè
- Sereng san Ensilin
- Oral, sik pwolonje, anba po, nan vaje, kontraseptif ACA
- Medikaman planin san preskripsyon
- Founiti pou dyabètik san preskripsyon
- vitamin sou preskripsyon
- Medikaman ou ka enjekte poukò w
- sevre fimen (san òdonans)
- sispan fimen (sou òdonans)
- Medikaman Espesyalite

Limit medikaman ki ka kouvri

Kèk medikaman sou òdonans ki ka kouvri pou yon tan limite. Limit sa yo baze sou règ sou dozaj FDA apwouve pou medikaman yo. Si w ta fè demann pou preskri w yon medikaman ki gen yon kantite limite, Yap ba w preskription an tou pou yon tan limite. Nan kèk ka, sa ka mande pou rezon medikal, yo depase tan limite a. Nan ka sa yo, li nesesè pou w gen yon otorizasyon alavans. Nan ka sa yo, doktè ou a ka kòmanse otorizasyon an, byen avan sa, lè l rele nimewo sa gratis nan 1.800.334.8134. Anpil medikaman yo ka sijè ak yon limit kantite pou sekirite pasyan yo, dapre direktiv FDA. Plan ou an te idantifye kategori medikaman sa yo pou limit kantite.

- Ajan antidyabetik
- Ajan anti-enfeksyon
- Ajan anti-enflatwa pou Je
- Ajan anti-grip
- Ajan anti-noze
- Ajan anti opresyon ak bwochit kwonik
- Medikaman planin
- Medikaman pou konstipasyon
- Ajan pou malfonksyònman erekil (ED)
- Ajan Fètilite
- Ajan Glòkòm
- Medikaman pou tansyon wo
- Medikaman pou to kolestewòl ki wo
- Ajan migrèn
- Estewoyid nan nen
- kalman ki pa opyoyid
- kalman opyoyid
- ajan kont maladi Osteyopowoz la
- Inibitè ponp pwoton
- Ajan dòmi
- Medikaman Espesyalite

Pou jwenn plis enfòmasyon sou medikaman espesifik ki gen limit pwoteksyon, tanpri rele manm Sèvis RxBenefits nan 1.800.334.8134 oswa vizite [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com).

Otorizasyon alavans ak Apèl

Si yo refize yon reklamasyon pou medikaman sou preskripsyon an antye oswa an pati, oumenm oswa reprezantan otorize ou gen dwa fè apèl kont desizyon an. Ou menm oswa reprezantan otorize w la gendwa fè apèl kont refi anan lesplas 180 jou apre w resevwa notifikasyon yon desizyon kontrè. Apèl konsènan reklamasyon medikaman sou preskripsyon se RxBenefits ki jere epi yo deside dapre dispozisyon ki nan dokiman plan an. Apre yon egzamen klinik, youn nan kat (4) aksyon sa yo posib: Yo apwouve medikaman an, yo refize demann medikaman an, doktè a ka deside retire li epi preskri yon lòt medikaman oswa evalyatè a ka rejte demannlan akòz mank kominikasyon ak moun ki preskri l la. Nan ka refi li posib pou fè apèl. Se RxBenefits ki jere otorizasyon alavans ou yo.

Medikaman sa yo ka bezwen otorizasyon alavans dapre plan ou an:

- Ajan kont Akne
- Ekstrè Alèjèn
- Ajan antidyabetik
- Anjan Sendwòm je Sèk
- Ajan kont malfonksyònman erekil(ED)
- Twoub dezi ipoaktif seksyèl HSDD
- Ajan migrèn
- Anti-ipèlipidemik Oral
- Medikaman Espesyalite
- Testostewòn
- Anestezi pou po
- Pwodwi pou pèdi pwa

Pwosedi apèl la

Nan ka yon refi, manm lan ka fè apèl kont desizyon an. Nan ka yon apèl, yon dezyèm famasyen ap evalye otorizasyon davans la epi pran yon desizyon (apwobasyon/refi). Nan ka yon dezyèm refi, li posib pou fè yon dènye apèl, ki transmèt bay yon egzaminatè ekstèn. Nan ka yon refi, pa gen okenn lòt refi posib.

Doktè w la ka kòmanse pwosedi otorizasyon alavans la, limit kantite gwo reklamasyon, oswa lòt pwosesis rejè lè li rele nan 1.800.334.8134.

sa ki pa ladann yo

Yo pa bay kouvèti pou:

- Pwodwi san preskripsyon
- Ekivalan Pwodwi Estanda san preskripsyon
- Ponp ensilin
- Anti obezite/Anoreksi
- Fètilite(Oral)
- Fètilite(enjektab)
- Fètilite(entravajinal)
- Eksitasyon kwasans cheve
- Medikaman enjektab/ enplantab
- Ekstrè Alèji

Kat idantite famasi(kat idantite)

Kat idantite famasyen ou a pèmèt ou patisipe nan pwogram kat medikaman an. Montre famasyen an kat idantite famasi separe nan moman wap resevwa yon preskripsyon pou asire w resevwa benefis pwogram kat medikaman sou preskripsyon an. Tanpri kontakte Manm Sèvis RxBenefits nan 1-800-334-8134 pou jwen enfòmasyon sou tretman famasi.

Definisyon:

Ko-asirans

Pousantaj depans lajan yon patisipan dwe peye pou medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo.

Kopèman (pèman pataje)

Pri espesifye ou dwe peye pou yon medikaman ki garanti.

Mak

Yon medikaman sou preskripsyon ki pwoteje ak yon patant, yon sèl konpayi apwovizyone epi komèsyalize anba mak manifakti a.

medikaman jenerik

Yon medikaman jenerik idantik ak yon medikaman orijinal anrapò ak fòm dòz, sekirite, fòs, fason yo administre l, kalite, karakteristik pèfòmans, ak itilizasyon pèsònèl. Menmsi yon medikaman jenerik idantik chimikman ak kontrepati mak li an, anjeneral li vann ak yon rabè enpòtan nan pri pa rapò ak medikaman orijinal la.

Medikaman san preskripsyon (OTC)

Nenpòt sibstan medikal ki ka achte san yon preskripsyon. Plan ou an pa kouvri Medikaman OTC yo, sof si yo di otreman.

Mak ki pa rekòmande

Mak ki pa rekòmande se yon medikaman ki sou preskripsyon ki anrejistre ki pa parèt sou fòmilè medikman Express Scripts deziyen kòm mak prefere. Manm yo gendwa peye yon pri ki pi wo pou medikaman preskripsyon ak Non prefere yo pase pou medikaman prefere yo ak Non prefere yo.

Mak Medikaman Prefere

Yon Mak Medikaman Prefere se medikaman sou preskripsyon ki nan lis Medikaman prefere Express Scripts deziyen yo. Express Scripts kapab revize oswa modifiye lis sa sou yon baz peryodik. Manm yo ka jwenn yon kopi lis sa lè yo kontakte Manm Sèvis RxBenefits nan 1.800.334.8134 oswa lè yo enskri nan [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com). Manm yo peye Ko-pèman/ko-asirans ki pi ba a pou medikaman sou preskripsyon mak prefere pase pou medikaman sou preskripsyon mak ki pa prefere yo.

Pou plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman sou preskripsyon

Springpoint te fè patenarya ak Express Scripts epi RxBenefits pou founi medikaman sou preskripsyon. Express Scripts se manadjè benefis famasi a epi RxBenefits administre pwogram medikaman sou preskripsyon an.

Sitwèb la, [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com), fèt pou ede w chèche fason pou w swiv benefis preskripsyon w yo. Ou ka itilize sit la pou w jwenn famasi epi konpare pri medikaman sou preskripsyon yo.

Ou gen Kesyon?

Kontakte Manm Sèvis RxBenefits pou jwenn enfòmasyon sou pwogram medikaman sou preskripsyon nan 1.800.334.8134.

RxBenefits, Inc. pa bay konsèy legal. Pa gen nan Dokiman sila, oswa nan nenpòt lòt dokiman RxBenefits Inc bay, ta entèprete oswa konsidere kòm konsèy legal. Se Responsablite anplwayè/Esponsò plan an epi non RxBenefits, Inc. pou detèmine kontni dokiman plan sante gwoup li a ak deskripsyon rezime plan ki gen rapò a. Anplwayè/Esponsò plan an ta dwe konsilte avèk konsèy legal li konsènan sa ki nan plan sante gwoup li a ak rezime plan li a, ak egzijans legal ki ka aplikab pou li. Pou Manm Plan ki gen kesyon sou kouvèti plan an, tanpri konsilte depatman resou imèn ou a.

Kòmanse livrezon adomil nan Express Scripts PharmacySM

Aksè sou entènèt nan ekonomi ak konvans

Kit ou itilize sit entènèt Manm lan oswa itilize aplikasyon mobil Express Scripts®,¹ ou ka fasilman jere livrezon preskripsyon a domil ou yo:

- Tcheke estati kòmand ou a
- Ranpli epi revouvle preskripsyon yo
- Tcheke pri ak kouvèti
- Jwenn famasi apwopriye
- Konsilte deman ranbousman ak balans
- Peye balans ou lè w sèvi ak yon varyete opsyon pèman
- Vizite sant Resous Terapetik nou yo pou plis enfòmasyon.
- Ak plis ankò

Pou jwenn aksè sou sit entènèt Manm yo...

Konekte sou **express-scripts.com** (Anrejistre si sa se premye vizit ou. Jis gen nimewo Manm ou oswa nimewo sekirite sosyal ou sou la men.)

Si w gen yon NOUVO preskripsyon...

Kòmanse pa kontakte Doktè ou pou mande yon preskripsyon 90 jou ke yo ka preskri dirèkteman nan Express Scripts

oubyen enprime yon fòm tou lè w chwazi "Fòm&kat" nan meni ki anba "sèvis". Enprime yon Fòm kòmand pa lapòs epi swiv enstirlyon pou voye l yo.

Oswa rele nou epi nap kontakte doktè ou pou ou.

Tanpri Pèmèt 10 a 14 jou pou premye preskripsyon ou a ekspedye.

Si w deja gen yon preskripsyon...

Tcheke estati kòmand ou an sou entènèt oswa sèvi ak aplikasyon nou an pou w wè detay e swiv ekspedisyon an.

Transfere kòmand an detay nan livrezon adomil. Senpleman klike sou *Ajoute nan panyepou* kòmand preskripsyon ki elijib epi kontinye pèman. Nou Pral kontakte founisè ou sou Non ou epi nap okipe nou de rès la, Tcheke **estati kòmand** ou a pou w swiv li.



Forms & cards

To mail in a prescription your doctor has already written:

- 1 Print a mail order form by [clicking here](#).
- 2 Mail your prescription(s) along with completed form to the address provided on the mail order form.

Recent Order Status

[Go to full order status](#)

Toprol XL 200 mg tablet 200 mg, brand View details	Rx #: 123- Chris	Address Verification Required
Harvoni 90-400 mg tablet 90 mg - 400 mg, brand View details	Accredo Rx #: 297-44	Shipped on XX/XX/XXXX Tracking #: 9374820164600649233480

Prescriptions You Can Order Today

[Find a prescription not listed below](#) [View Rx Archive](#)

Chris		
Omeprazole dr 10 mg capsule 10 mg, generic View details	Rx #: 123 90-day supply 2 refills remaining	Refill past due You may be running low on this medication

☒ Prescription in cart

Ranpli epi renouvle Preskripsyon pou ou ak fanmi w sou entènèt oswa lè w sèvi ak aplikasyon nou an. Annik Klike sou *Ajoute nan Panye* pou preskripsyon ki elijib yo epi peye. Nou Pral kontakte founisè ou sou Non ou, si renouvèlman yo enkli, nap okipe nou de rès la.

¹ Ou ka fè rechèch pou "Express Scripts" nan magazen apple ou an epi telechaje li gratis. Answit anrejistre, si sa se premye vizit ou, oswa konekte.



Kat Referans Rapid Sèvis Manm yo

Sèvis Manm pou Sipò Manm yo

Ekip sant apèl RxBenefits la ki gen eksperyans, ak gwo pèfòmans bay yon nivo sèvis sipèryè.

Disponiblite

Sèvis Manm yo ede w jwenn repons kesyon oswa enkyetid konsènan avantaj famasi ou yo, tankou:

- Detay sou sèvis yo
- Estatik reklamasyon yo
- Rezo famasi
- Detèminasyon kouvèti ak demann
- Kourye ak esenaryo espesyalize
- Enfòmasyon famasetik

Detay kle sou pwoblèm komen

Kesyon sou Sèvis ak Kouvèti medikaman

An tan ke Manm Plan an, Ou menm ak Moun ki depan de ou yo ka rele pou poze kesyon sou:

- Kesyon sou kouvèti
- Pwogram klinik yo
- Kopèman
- Kesyon dediksyon

Reklamasyon sou papyè

Soumèt resi preskripsyon yo ak fòm demann ranbousman PBM espesifik ou pou trete pou ranbousman dirèk. Demann Ranbousman yo ta dwe poste nan adrès ki sou kat idantite w la oswa voye faks bay RxBenefits nan 205.449.5225.

800.334.8134 oswa
CustomerCare@rxbenefits.com
7:00 nan maten po rive 8:00 nan
apremidi Lè Santral
Lendi pou rive Vandredi



Enskri ak Express Scripts

Aksè sou entènèt nan ekonomi ak konvans

Jere Medikaman ou yo nenpòt kote, nenpòt kilè ak [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com) ak aplikasyon mobil Express Scripts® la.

Enskri kounye a pou w viv eksperyans lan:

- **Plis ekonomi.**
Konpare pri medikaman yo nan plizyè famasi. Benefisye yon ekspedisyon estanda gratis¹ nan Express Scripts PharmacySM.
- **Plis Komodite.**
Resevwa jiska 90 jou Medikaman ki dire lontan yo te delivre lakay ou. Fè kòmand renouvèlman ou yo, tcheke estati kòmand ou yo, epi swiv ekspedisyon yo. Enprime Fòmilè ak kat idantite jan sa nesèsè.
- **Plis Konfyans.**
Diskite ak yon famasyon pandan w nan entimite lakay ou nenpòt lè, ak nenpòt kote. Jwenn dènye enfòmasyon sou medikaman ou yo, ki gen ladan posib efè segondè ak enteraksyon.
- **Plis fleksibilite.**
Telechaje aplikasyon mobil Express Scripts la pou jere medikaman ou yo, jwen medikaman ki pre w yo, epi jwenn direksyon, epi sèvi ak kat idantite vityèl ou a lè w ap deplase.

Kòmanse jodi a!

Enskripsyon an san danje epi li senp. Enfòmasyon ou yo an sekirite epi konfidansyèl. Tanpri prepare nimewo idantite w kòm manm oswa nimewo sekirite sosyal ou.

- Ale sou [express-scripts.com](https://www.express-scripts.com) epichwazi **enskri**, oswa telechaje aplikasyon mobil **Express Scripts** lagratis nan magazen aparèy mobil ou a, epi chwazi **enskri**.
- Ranpli enfòmasyon yo mande a, sa gen ladan enfòmasyon pèsònèl ak nimewo idantite oswa nimewo sekirite sosyal ou (SSN). Kreye non itilizatè ou ak modpas ou, ansanm ak enfòmasyon sekirite pou si w bliye modpas ou.
- Klike **sou enskri kounye a** epi wap anrejistre.
- Pou mete preferans yo,² chwazi **preferans kominikasyon** nan meni ki anba **kont**, epi ale nan **kominikasyon akgade**. Klike **modifye preferans**. Yo ka chwazi preferans yo sou sitwèb manm yo sèlman.



Manm ki gen **yon sistèm otantifikasyon taktil oswa figi** sou aparèy mobil yo ka pèmèt li konekte nan kont Express Scripts sou aplikasyon mobil la, si yo vle.

¹ Depans pou ekspedisyon estanda yo enkli nan plan medikaman w lan.

² Preferans yo gen ladan yo kapasite pou w pataje enfòmasyon sou preskripsyon w ak lòt manm fanmi w (ki gen plis pase 18 an) plan medikaman w lan kouvri.

- Tout granmou Ki gen kouvèti medikal (ki gen 18 an oswa plis) dwe enskri separeman.
- Lè ou pèmèt enfòmasyon sou preskripsyon w lan pataje ak lòt moun ki anrejistre nan kay ou a, yo ka wè enfòmasyon ou yo, fè kòmand sou non ou ak plis ankò.

Aplikasyon mobil Express Scripts la disponib pou aparèy mobil iPhone®, iPad®, ak Android™.

Kesyon yo souvan poze sou fanmasi RxBenefits yo

Kisa ki RxBenefits la?

Fonde an 1995, RxBenefits ki baze nan Birmingham, AL, se premye ak sèl konpayi optimizasyon sèvis famasetik(PBO) ki baze sou teknoloji. Nou se yon ekip kap grandi ki gen plis pase 500 pri famasetik, kontra, sèvis, teknoloji, done ak ekspè klinik kap travay ansanm pou reyalize yon objektif komen: Lè l mete prestasyon sèvis yo nan kad sèvis famasetik. Nou konsantre Sèlman sou ede konsiltan nan asirans yo ak kliyan ki asire tèt yo jwenn aksè nan avantaj famasi ki pi bon e pi abòdab.

Kòman mwen ka jwen plis enfòmasyon sou benefis prestasyon mwen yo?

Prestasyon Sèvis Famasi ou yo fè pati kouvèti asirans espesifik Anplwayè w te chwazi a, epi yo fèt pou ede w jwenn preskripsyon w yo nan bon moman ak bon pri. Ou sèlman bezwen montre kat idantite w ak preskripsyon w lan nan famasi ki vann an detay ou chwazi a. Famasyen an pral sèvi ak enfòmasyon sou preskripsyon w ak enfòmasyon w kòm Manm, pou detèmine si plan an kouvri medikaman w lan, epi si se konsa kantite kopèman ou oswa koasirans ou.

Ou ka jwenn detay sou pwogram asirans ou an ki gen ladan, kouvèti medikaman ou, nan kouvèti benefis preskripsyon ou(PBC). PBC a se yon apèsi sou kopèman, benefis, sèvis swen sante ki garanti ak lòt karakteristik enpòtan pou ou menm ak fanmi w nan yon tèm fasil pou konprann. Siw gen nepòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele manm sèvis ekip RxBenefits la nan 800.334.8134

Ki kote mwen ka ranpli preskripsyon mwen yo an pèsòn?

Plan medikaman ou an ba ou aksè a yon gwo rezo famasi ki vann an detay ki gen plizyè milye famasi atravè peyi Etazini. Sa vle di ou gen yon aksè pratik ak preskripsyon w yo nenpòt kote ou ye-lakay ou, nan travay, oswa menm nan vakans. Wap jwenn plis avantaj lè w sèvi ak yon famasi kap patisipe. Pou w jwenn yon lis famasi kap patisipe yo, vizite sitwèb PBM ou a pou plis enfòmasyon.

Nòt: Si w chwazi yon famasi ki pa gen kontra, wap oblije peye tout pri preskripsyon an alavans. Lè sa wap bezwen soumèt yon fòm demann ranbousman nan plan w lan.

Kisa yon Lis medikaman/Fòmilè y?

Tout Plan Medikaman, mete paw la ladann, sèvi ak sa yo rele yon "fòmilè" ke yo ka rele tou yon lis medikaman. Lis medikaman an gen ladann Non Mak ak Medikaman Jenerik ke plan ou an garanti. Tout medikaman ki sou fòmilè an te apwouve pa The Food & Drug Administration (FDA) epi komite Famasi ak Terapetik (P&T) plan w lan revize epi rekòmande. Komite P&T a se yon gwoup endepandan Doktè pratikan, Famasyen, ak lòt pwofesyonèl swen sante ki reponsab pou fè rechèch epi pran desizyon sou Fòmil medikaman ki baze sou plizyè faktè, tankou sekirite ak efikasite yo.

Si founisè swen sante w la preskri w yon medikaman ki pa sou lis medikaman an, li pap kouvri epi wap oblije peye tout pri medikaman an. Si founisè swen sante ou a preskri w yon medikaman ki pa gen kouvèti medikal, mande yo pou yo preskri w pito yon medikaman ki sou lis la.

Tanpri pa ezite rele Nimewo Sèvis Manb ki sou do kat idantite w la pouw konnen si yon medikaman an patikilye pa sou lis medikaman ou apwouve epi si plan w lan kouvri l. Ou ka refere w tou nan kouvèti benefis preskripsyon ou (PBC) pou limit ak eskizyon kouvèti asirans lan.

Kisa ki yon otorizasyon alavans?

Gen kèk medikaman sou Preskripsyon ki ka mande yon "otorizasyon alavans" avan yo ka preskri yo. Gen medikaman ki bezwen otorizasyon alavans paske yo ka pa apwopriye pou tout pasyan yo.

Otorizasyon alavans lan asire sekirite w epi ede w limite depans ou yo.

Lè yon medikaman bezwen yon otorizasyon alavans, founisè swen sante w la ap bezwen voye dokiman bay yon evalyatè famasi endepandan ki pral revize dokiman an pou asire medikaman an apwopriye pou sitiyasyon w ak kouvèti w la. Si w sèvi ak livrezon adomisil, li enpòtan pou moun kap preskri w la jwenn otorizasyon alavans avanw ka ranpli preskripsyon w lan.

Nou pa janm vle anpeche w jwenn yon medikaman ki apwopriye pou trete kondisyon w. Si w gen difikilte pou w ranpli pou yon medikaman paske li amnde otorizasyon alavans, tanpri rele nimewo Sèvis manm ki sou do kat idantite w la. Nap fè tout sa nou kapab pou ede w ak founisè swen sante w la jwenn otorizasyon alavans lan rapid.

Ki diferans ki genyen ant medikaman Jenerik ak medikaman de orijinal yo?

Ki enpak sa genyen sou Prestasyon Sèvis mwen yo?

An jeneral se yon Sèl Manifakti ki ofri yon medikaman orijinal epi li ka pwoteje pa yon patant. Lalwa egzije pou yon medikaman jenerik genyen menm engredyan aktif ak kontrapati mak li a, men li disponib sèlman apre patant yon medikaman de orijinal ekspire. An jeneral ou ka ekonomize lajan lè w itilize medikaman jenerik.

Eske Medikaman jenerik yo san danje epi efikas menm jan ak medikaman orijinal yo?

wi Se FDA ki règleman te Medikaman Jenerik yo. Pou yo pase revizyon FDA epi yo dwe klase A, medikaman jenerik la dwe yon ekivalan terapeitik ak tokay orijinal li. Li dwe gen menm engredyan aktif ak menm dòz la ak menm fòs.

Poukisa Medikaman Jenerik yo pi bon mache?

Nòmalman, yo lage yon medikaman jenerik sou mache a sèlman apre patant sou kontrapati orijinal li a te ekspire. Nan Pwen sa plizyè manifakti ka ofri li, pou ogmante konpetisyon. Manifakti medikaman Jenerik an jeneral fikse pri pwodwi yo pi ba pase pri vèsyon orijinal yo, pou yo ka konpetitif.

Kòman mwen ka mande yon medikaman Jenerik?

Doktè ou ak famasyon ou se pi bon sous enfòmasyon w sou medikaman Jenerik. Annik mande youn ladan yo, si preskripsyon ou an ka rapli ak yon medikaman Jenerik ou ekivalan. Ou ka peye yon montan ki pi wo lèw pataje pèman pou yon medikaman orijinal.

Èske preskripsyon mwen an ka raplase ak yon medikaman ki gen yon to kopèman ki pi ba?

Si medikaman yo preskri w kounye a pa yon medikaman jenerik, rele founisè swen sante w la mande si li apwopriye pou ou chanje nan yon medikaman jenerik ki koute mwen chè? Desizyon an depan de ou menm ak founisè swen sante w.

Ou kapab tou chwazi opsyon ki pi ba pri sou sitwèb PBM ou a, kote w jere preskripsyon w yo kounye a. Wap jwenn enfòmasyon pou w pale ak founisè swen sante w ak zouti pou w kòmanse.

Kòman mwen ka fè kòmand medikaman adomisil?

Livrezon adomisil se yon sèvis pratik pou manm ki pran medikaman pou trete yon maladi kwonik sou yon baz kontinyèl. Kondisyon ki ka mande pou medikaman antretyen yo, sa ki gen ladan ranplasman òmòn, opresyon, dyabèt, tansyon wo, kolestewòl wo, atrit, ak anpil lòt preskripsyon woutin ki livre dirèkteman devan papòt kay ou pou w pa janm bliye yon dòz. Tou depan de konsepsyon plan ou an, Kòmande medikaman antretyen atravè livrezon adomisil ka pi efikas tou. Tcheke detay plan ou an pou plis enfòmasyon sou fason frè livrezon yo varye parapò a sa nan yon famasi ki vann an detay.

Mwen pap nan Vil la pou yon bon moman.

Kòman mwen ka jwenn yon rezèv siplemantè nan medikaman pou kouvri m pandan tan sa?

Si w ap andeyò vil la pou yon tan ki long epi w bezwen plis medikaman, rele nimewo Sèvis manm ki sou dot kat idantite sèvis manm ou an pou w mande yon dispans pou vakans. Ou dwe bay Reprezantan Sèvis Manm yo dat ou prale ak dat wap retounen an. RxBenefits pral mete egzansyon an nan sistèm nan epi ou ka pran medikaman ou yo nan famasi lokal la.

Ki moun mwen ta dwe kontakte pou kesyon konsènan plan mwen ak/oswa medikaman mwen?

Ekip Sèvis Manm RxBenefits la disponib pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen. Ou ka kontakte yo lendi rive vandredi sòti 7 è nan maten pou rive 8 è nan aswè, lè santral. Lè w rele **800.334.8134** oswa voye yon imèl bay CustomerCare@rxbenefits.com.